

POU : Komite Skolè a

SOT NAN MEN : David Bloom, Direktè Finansye an Chèf

DAT LA : 18 desanm, 2024

OSIJÈ : Mizajou sou Afè Finans

Prezidan ak Manm ki fè pati Komite Skolè Boston an,

Prezantasyon an bay yon mizajou finansye pou Lekòl Piblik Boston (BPS) pou ane fiskal 2023-2024, 2024-2025 ak 2025-2026. Nan prezantasyon an mwen pral diskite sou :

- **Kloti Bidjè a pou ane fiskal 2024 :** Lekòl Piblik Boston te fini ane a andedan limit bidjè a pou 34yèm ane konsekitif (34 ane youn aprè lòt).
- **Kloti Pwojeksyon Finansye ak fon ESSER pou ane fiskal 2025 :**
 - Divès depans pi wo pase sa nou te atann pou divès domèn tankou sèvis manje, anplwaye a tan pasyèl, ak asirans sante.
 - Divès depans ki pi ba pase sa nou te atann pou salè anplwaye apentant yo ak itilizasyon fon ESSER pou konpanse ogmantasyon depans yo.
- **Mizajou sou Envestisman Bidjè ane fiskal 2025** avèk yon konsantrasyon sou pratik enklizif, pwogram bileng, lekòl sant, alfabetizasyon ekitab, rekritman, planifikasyon alontèm pou divès enstalasyon, ak liy asistans pou fanmi.
- **Tandans anrapò a enskripsyon :** Enskripsyon nan Lekòl Piblik Boston (BPS) te stabilize apre yon bès nan deseni ki sot pase a.
- **Yon apèsi sou bidjè ane fiskal 2026 la :** Priyorize stabilizasyon bidjè lekòl yo e envesti nan elèv ki gen gwo bezwen, ki enkli pratik enklizif ak edikasyon bileng.

Ansanm avèk memo sa a, w ap resevwa twa dokiman :

- **Prezantasyon Mizajou Finansye a**
- **[Yon memo](#) pou rezime pwojeksyon finansye nou yo pou ane fiskal 2025 lan, apati 31 oktòb, 2024**
- **[Tablo detaye](#) avèk pwojeksyon finansye nou pou ane fiskal 2025 lan**

An jeneral, prezantasyon an mete aksan sou stabilite finansye BPS, envestisman stratejik yo, ak divès plan pou lavni. Mwen espere adrese komite a, e pou m pran keityon w yo.

Meyè salitasyon,

David Bloom